Ranfòsman Patenarya:

Yon Gid Sou Dwa & Pwoteksyon Fanmi nan

Sistèm Entèvansyon Bonè Pati C a

2012

SA KI ANNDAN AN

REZON GID SA A **1**
ISTWA NOU **2**
SÈVIS ENTÈVANSYON BONÈ **3**
JAN POU KONNEN SI PITIT OU KALIFYE POU SÈVIS ENTÈVANSYON BONÈ **4**
EVALYASYON POU PLANIFIKASYON SÈVIS **7**
RANKONT POU PLAN SÈVIS PÈSONALIZE POU FANMI (IFSP) **8**
SÈVIS ENTÈVANSYON BONÈ KI DISPONIB **10**
PEMAN POU SÈVIS ENTÈVANSYON BONÈ **11**
REVIZYON IFSP **11**
TRANZISYON **13**
KONFIDANSYALITE **14**
REVIZYON DOSYE PITIT OU **16**
JAN POU REZOUD DEZAKÒ **17**
JAN POU DEPOZE YON PLENT 17
JAN POU ITILIZE MEDYASYON 18
JAN POU MANDE YON JIJMAN OFISYÈL 19
GLOSÈ **22**
SÈL PWEN ANTRE POU JWENN SÈVIS ENTÈVANSYON BONÈ **23**

The Arc of Virginia
2025 East Main Street, Suite 107
Richmond, VA 23223

T 804.649.8481
F 804.649.3585
www.thearcofva.org

Achieve with us.

Chè Paran,

Ekip Arc of Virginia a dedye pou ofri sipò bay fanmi k ap resevwa sèvis entèvansyon bonè. Nou se paran timoun ki te resevwa sèvis sa yo epi nou konprann byen kesyon ak enkyetid ou kapab genyen yo.

Liv sa a te ekri pou ede fanmi yo konprann sistèm entèvansyon bonè a ak dwa ak pwoteksyon yo te mete anplas pou asire fanmi yo enplike nan desizyon y ap pran sou sèvis entèvansyon bonè pitit pa yo. Pwoteksyon yo nan Avi Sou Dwa ak Pwoteksyon Timoun ak Fanmi ansanm ak Enfòmasyon Sou Pri Pou Fanmi An Pataje. W ap resevwa yon kopi ak eksplikasyon dwa ak pwoteksyon sa yo pandan tan ou nan sistèm entèvansyon bonè a.

Kòm paran timoun ki gen reta devlopmantal, nou kapab manm plizyè ekip pandan tout vi pitit nou tankou ekip Plan Sèvis Pèsonalize Pou Fanmi (IFSP) pwogram entèvansyon pou timoun nan. Menmsi ekip pwogram entèvansyon bonè a ap eksplike w rezon ekip IFSP a, ou kapab toujou bezwen konnen ki wòl ou jwe ak "pwofesyonèl" yo ki rasanble ansanm ak ou yo.

Bagay pi enpòtan ou bezwen sonje se ou sou yon tab ap pale pou pitit ou ak fanmi ou epi se ou menm ki ekspè nan sijè sa a! Ekip pwogram entèvansyon bonè a la pou antrene w ak ba w sipò sou jan pou aji ak pitit ou yon fason ki ankouraje devlopman yo. Paske w pase pifò tan ou ak pitit ou, ou gen plis okazyon pandan woutin natirèl pou entèraji ak pitit ou, devlope estrateji epi pratike yo ak pitit ou.

Nan Arc of Virginia nou pwomouvwa ak pwoteje dwa moun ki gen andikap entelektyèl ak devlopmantal epi nou toujou ap goumen pou mete yo nan tout aktivite kominote yo pandan tout vi yo. Ekip nou an la pou reponn kesyon, ba w sipò ak bay fanmi w zouti yo bezwen pou yo ka vin enplike! Tanpri rele nou pou aprann plis, nimewo nou se 804-649-8481 pòs 103.

Salitasyon,

Debra Holloway
Direktris Fòmasyon ak Asistans Teknik

REZON GID SA A

Pwogram entèvansyon bonè nan Virginia se yon sistèm sèvis kominotè kowòdone pou tibebe ak timoun piti (depi yo fèt jiskaske yo gen dezan, ki vle di jiskaske timoun nan rive sou twazyèm anivèsè li) ki gen andikap ak reta devlopmantal, ansanm ak fanmi yo. Nan sistèm sa a, ki rele Infant & Toddler Connection of Virginia, ajans, paran, ak ajans ki ofri sèvis travay ansanm pou bay timoun yo ak fanmi yo sèvis pou satisfè bezwen devlopmantal timoun yo.

Paran tibebe ak timoun piti ki kalifye pou sèvis entèvansyon bonè yo gen yon wòl enpòtan ak espesyal nan sèvis pitit yo. Paran:

- Bay enfòmasyon;
- Bay pèmisyon;
- Patisipe nan rankont; epi
- Deside ki sèvis y ap aksepte.

Pou ede fanmi yo ak wòl yo nan sistèm entèvansyon bonè a, gid sa a eksplike gwo etap sa a ki se enplike nan sistèm Infant & Toddler Connection of Virginia a ak pwoteksyon, oswa règ yo mete an plas pou pwoteje dwa fanmi yo. Li diskite kijan ou ka travay ak moun ki ofri sèvis entèvansyon bonè.

Moun ki bay sèvis entèvansyon bonè yo kapab itilize yon langaj teknik pou dekri travay y ap fè ak tibebe ak timoun piti yo ansanm ak fanmi yo. Mande yo pou eksplike w mo ou pa konprann. Lè nou itilize mo teknik nan ti liv sa a, n ap defini yo nan yon ti kare. Epi tou w ap jwenn yon glosè kòmanse sou paj 23 nan ti liv sa a ki defini kèk nan mo teknik sa yo.

ISTWA NOU

Depi ane 1970 yo, Kominote Eta Virginia a te bay sèvis entèvansyon pou timoun, depi yo fèt jiskaske yo gen dezan (ki siyifi jiskaske yo rive sou twazyèm anivèsè yo), ki gen reta devlopmantal. An 1986, Kongrè Ameriken an te bay eta yo finansman pou mete sou plas yon sistèm konplè pou sèvis entèvansyon bonè. Nou rele sistèm sèvis sa a Pati C - Sèvis Entèvansyon Pou Tibebe ak Timoun Piti ki gen Andikap nan lwa federal edikasyon espesyal ki rele Lwa Sou Edikasyon Moun Andikape a [Individuals with Disabilities Education Act (IDEA)]. Nan gid sa a, n ap itilize fraz *sistèm entèvansyon bonè* a pou dekri règleman ak pratik Virginia sou pwogram Pati C federal la.

Nan Virginia, gen 40 Ajans Prensipal ki planifye, ak konsèy ansanm ak asistans konsèy kowòdinasyon ant ajans la (yon gwoup moun ki enterese nan sistèm entèvansyon bonè, ak paran ladan), jan pou ajans ak òganizasyon ki ofri sèvis nan kominote a pral bay fanmi yo sèvis yo bezwen.
Chak Ajans Prensipal gen yon moun ou ka kontakte pou enfòmasyon ak asistans (gade paj 23).

Infant & Toddler
Connection of Virginia

SÈVIS ENTÈVANSYON BONÈ

Sèvis entèvansyon bonè pou tibebe ak timoun piti ki p ap devlope jan yo sipoze oswa ki gen yon kondisyon ki ka lakòz yon reta nan devlopman nòmal, ansanm ak *fanmi* yo. Yo ofri sèvis yo pou ede ak devlopman timoun yo ak pou ede fanmi yo satisfè bezwen yo genyen pou devlopman pitit yo. Ajans ki ofri sèvis entèvansyon bonè yo travay an patenarya ak fanmi yo. Patisipasyon fanmi enpòtan nan tout etap.

Nou defini *fanmi* daprè fason chak fanmi defini li yo menm.

Paran vle di paran biyolojik oswa adoptif yon timoun, yon paran dakèy, yon moun ki gen gad legal, yon moun k ap aji tankou yon paran, (tankou yon granparan oswa bèlmè/bòpè timoun nan viv ak li, oswa yon moun ki responsab legalman pou byenèt timoun nan; oswa yon *ranplasman paran*.

Yon *ranplasman paran* se yon moun yo nome pou aji pou yon paran lè timoun nan sou titèl eta a oswa yo pa ka idantifye oswa jwenn yon paran. Si w ap jwe wòl yon ranplasman paran oswa ou vle plis enfòmasyon sou pwoteksyon ak responsablite ranplasman paran yo, kontakte sistèm entèvansyon bonè lokal ou a ki nan lis sou paj 24 la oswa Infant &

Chak timoun ak fanmi k ap antre nan sistèm sèvis entèvansyon bonè an gen yon kowòdonatè sèvis. Travay kowòdonatè sèvis ou a se pou ede fanmi ou:

- sanble enfòmasyon pou pran bonjan desizyon pou pitit ou ak fanmi ou;
- fè aranjman pou sèvis epi veye kijan y ap mache;
- jwenn enfòmasyon sou sèvis ki nesesè ak resevwa yo;
- jwenn enfòmasyon sou sèvis pledwari;
- planifye pou chanjman nan sèvis (tranzisyon); ak
- konprann dwa, pwoteksyon ak responsablite ou kòm paran epi itilize yo kòmsadwa.

JAN POU KONNEN SI PITIT OU KALIFYE POU SÈVIS ENTÈVANSYON BONÈ

Lè yo rekòmande pitit ou a pou Infant & Toddler Connection Virginia, yon kowòdonatè sèvis ap kòmanse travay ak pitit ou a pou chèche konnen si pitit ou a kalifye pou sèvis. Yo rele etap sa a detèminasyon kalifikasyon. W ap resevwa yon *avi ekri davans* avan yo fè detèminasyon kalifikasyon an.

> *Avi Ekri Davans:* Avan chak gwo etap nan pwosesis entèvansyon bonè a, kowòdonatè sèvis ou a dwe rasire li ou resevwa yon avi ekri. Avi sa a ap di w sa k ap vini apre. Avi sa a dwe fè nan lang ou itilize a amwenske li enposib. Epi tou li dwe klè ak fasil pou w konprann. Si w bezwen èd pou konprann avi sa, mande kowòdonatè sèvis ou a yon eksplikasyon.
>
> Yo dwe ba ou avi a **avan** pwochen etap la fèt. Ou ka montre lòt moun (yon pwofesyonèl oswa zanmi) ki ka ede w deside kisa k ap pi bon pou pitit ou a. Y ap bay tout avi ekri davans ak yon fòm estanda eta a. Chak fwa yo ba ou fòm estanda sa yo, w ap resevwa yon kopi ak yon eksplikasyon Avi Sou Dwa ak Pwoteksyon Timoun ak Fanmi ansanm ak Enfòmasyon Sou Pri Pou Fanmi An Pataje, ki se yon eksplikasyon teknik dwa paran yo ak referans a lwa federal.

Kòm paran, ou jwen yon wòl enpòtan nan preparasyon pou detèminasyon kalifikasyon. Ou genyen opòtinite pou:

- Pataje enfòmasyon sou ou menm ak pitit ou, ansanm ak sa ou konnen sou kapasite ak bezwen pitit ou a;
- Bay kowòdonatè sèvis ou a pèmisyon pou sanble enfòmasyon sou pitit ou a nan men lòt pwofesyonèl ki konnen pitit ou a oswa te bay pitit ou a tès;
- Poze kesyon sou pwosesis detèminasyon kalifikasyon an; epi
- Bay *konsantman enfòme*, pèmisyon, pou detèminasyon kalifikasyon.

> *Konsantman Enfòme:* Pou w pran bonjan desisyon, fòk ou gen bonjan enfòmasyon. Lè w bay konsantman w sa vle di ou konprann sa y ap ofri ak rekòmande w la, epi ak bon konprann sa a, ou bay pèmisyon ou. Pi bon moman pou poze kesyon se avan w bay konsantman w.

Pou konnen si pitit ou kalifye pou sèvis entèvansyon bonè, yon ekip *plizyè disiplin* ap revize enfòmasyon ou pataje sou pitit ou a, rezilta nenpòt zouti egzamen oswa evalyasyon yo itilize, ak enfòmasyon doktè w ak nenpòt lòt pwofesyonèl ki konnen pitit ou a bay (ak pèmisyon ou). Souvan enfòmasyon sa a ase pou ekip la deside si pitit ou a satisfè kritè pou kalifikasyon pou sèvis

entèvansyon bonè (gade paj 6). Pafwa, ekip la ap bezwen plis enfòmasyon epi y ap fè kèk tès pou ede ekip la aprann plis sou devlopman pitit ou a. Si enfòmasyon medikal pitit ou a oswa lòt dosye ase poukont li pou montre pitit ou a satisfè kritè pou kalifye a, lè sa a yo p ap bezwen okenn ekip oswa plis evalyasyon epi ou ka ale dirèkteman sou pwochen etap nan pwosesis la, evalyasyon pou planifikasyon sèvis.

> *Plizyè disiplin* vle di pwofesyonèl ki soti nan omwen 2 diferan disiplin oswa pwofesyon. Sou lwa federal, yon moun ki kalifye nan plis pase yon disiplin oswa pwofesyon satisfè definisyon *plizyè disiplin* pou detèminasyon kalifikasyon ak evalyasyon pou planifikasyon sèvis.

Tout paran fè pati detèminasyon kalifikasyon paske yo bay enfòmasyon enpòtan bay ekip plizyè disiplin nan sou devlopman pitit yo. Di kowòdonatè sèvis ou a si w ta vle fè pati diskisyon ekip plizyè disiplin nan sou si pitit ou a kalifye ou pa. Sinon, kowòdonatè sèvis ou a p rele w apre ekip la rankontre pou di w si pitit ou a kalifye pou sèvis entèvansyon bonè ou pa.

Si ekip plizyè disiplin nan deside pitit ou a kalifye pou sèvis, n ap travay ansanm pou fè yon evalyasyon pou planifikasyon sèvis epi devlope yon Plan Sèvis Pèsonalize Pou Fanmi [Individualized Family Service Plan (IFSP)]. N ap eksplike w etap sa yo nan seksyon k ap vin yo.

Si ekip plizyè disiplin nan deside pitit ou a pa kalifye pou sèvis entèvansyon bonè, ou ka mande kowòdonatè sèvis ou a pou ede w ak rekòmandasyon nan lòt resous nan kominote w la ki ka itil pitit ou a ak fanmi w. Epi tou ou kapab rele Sèl Pwen Antre pou zòn ou a ankò si w gen enkyetid pou devlopman pitit ou a.

Si nou pa ka antann nou sou kalifikasyon pitit ou a, gen fason pou rezoud diferans sa yo (gade paj 17).

Kritè Pou Kalifikasyon Pou Sèvis Entèvansyon bonè Nan Virginia

Nan Virginia, pitit ou kapab kalifye twa diferan fason pou sèvis entèvansyon bonè. Enfòmasyon yo sanble pandan pwosesis detèminasyon kalifikasyon an ap ede idantifye si pitit ou a satisfè youn oswa plis kritè pou kalifye yo.

I. Tibebe ak timoun piti ki gen omwen 25% reta devlopmantal (laj kwonolojik ak laj ajiste) nan youn oswa plis nan domèn sa yo:

1. **devlopman kognitif** (kapasite pou reflechi);
2. **devlopman fizik** (tankou fason misk yo mache, fason li wè ak tande);
3. **kominikasyon** (konprann sa yo di li oswa kominike sa li vle)
4. **devlopman sosyal oswa emosyonèl** (kapasite pou entèraji ak lòt moun oswa eksprime santiman); ou
5. **devlopman adaptatif** (fè aktivite poukont li tankou manje ak ede abiye tèt li).

AK/OU

II. Timoun ki gen yon reta devlopmantal 25% ki p ap devlope nòmalman nan youn oswa plis bagay domèn sa yo:

1. **repons sans ak mouvman ki pa nòmal oswa twouble** (tonis misk li pa nòmal, li gen limit nan nivo mouvman jwenti li yo, reflèks ak reyaksyon posti li pa nòmal, mouvman li yo oswa kalite konpetans pèfòmans li pa bon, kapasite oral ak mouvman li mal fonksyone, tankou difikilte pou manje)
2. **devlopman sosyal-emosyonèl pa nòmal oswa twouble** (reta oswa anomali nan nivo emosyon li ta dwe ye, toujou pa kapab inisye oswa reponn pifò entèraksyon sosyal, gen laperèz oswa lòt detrès ki pa mete moun k ap bay li swen yo alèz)
3. **konpòtman ki pa nòmal oswa twouble** ki deranje ak kapasite li pou devlope oswa
4. **pwoblèm nan entèraksyon sosyal avèk kapasite nan kominikasyon ansanm ak konpòtman ki limite epi ki repete.**

AK/OU

III. Timoun ki gen yon kondisyon fizik oswa mantal dyagnostike ki gen anpil chans pou pitit la gen yon reta devlopmantal. Yo gen ladan yo, men se pa sèlman:

1. kriz / gwo maladi nan sèvo (idantifye ak gwoup gwo risk ki gen rezilta Apgar ki ba ak/ou afiksi (mank oksijèn nan kò a));
2. gwo anomali nan sistèm nève santral la;
3. emoraji entravantrikilè Klas 3 sevè ak likid nan sèvo oswa Emoraji entravantrikilè Klas 4;
4. enfeksyon li tou fèt ak li epi sentòm yo prezan;
5. efè kontak ak pwazon tankou sendwòm alkòl fetal, sevraj dwòg ak kontak manman an pran ak medikaman pou kriz, medikaman pou timè, ak medikaman pou fè san pa kaye;
6. mylodisplazi (pa pwodwi sèten selil sangen nòmal oswa pa pwodwi ase);
7. li pa ka tande depi li fèt oswa apre li fèt;
8. andikap nan zye;
9. anomali nan kwomozom; ak sendwòm Down ladan;
10. chòk nan sèvo oswa epin dòsal; ak egzamen newolojik lè yo voye li lakay li;
11. maladi jenetik ki gen pou wè ak metabolis;
12. mikwoseafli (lè tèt tibebe a twò piti);
13. gwo twoub atachman;
14. pa ka grandi;
15. twoub espèk otistik;
16. maladi andokrin ak yon gwo chans pou genyen yon reta devlopmantal;
17. maladi ki gen pou wè ak emoglobin ak yon gwo chans pou genyen yon reta devlopmantal;
18. bouch oswa palèt bouch fanm;
19. lekomalasi perivantrikilè (chòk nan sèvo tibebe);
20. pwoblèm lè timoun nan te fèt ki fè li gen anpil chans pou gen yon reta devlopmantal:
    - li fèt sou 28 semèn apre manman li ansent oswa pi piti; oswa
    - li pase 28 jou nan Depatman Swen Entansif Nouvo Ne oswa plis; oswa
21. lòt kondisyon fizik oswa mantal daprè jijman ekip plizyè disiplin nan.

EVALYASYON POU PLANIFIKASYON SÈVIS

Y ap voye yon avi davans ba ou avan evalyasyon pou planifikasyon sèvis la fèt. Ak pèmisyon ekri ou, kowòdonatè sèvis la ap fè aranjman pou yon *evalyasyon* pou aprann sou fòs ak bezwen pitit ou a nan tout domèn devlopman. Enfòmasyon sa a ap ede ekip la konnen ki sèvis entèvansyon bonè ki nesesè pou satisfè bezwen pitit ou a ak fanmi w. Evalyasyon an ap gen kijan pitit ou a:

- reflechi ak konprann evènman k ap pase pandan jounen li - yo rele sa *devlopman kognitif;*
- wè bagay, tande son ak vwa epi ap grandi - yo rele sa *devlopman fizik;*
- mouvman - yo rele sa *devlopman gwo mouvman ak ti mouvman;*
- konprann sa ou di oswa di w sa li vle - yo rele sa *kominikasyon*;
- boule byen ak lòt moun epi eksprime santiman li - yo rele sa *devlopman sosyal oswa emosyonèl;* epi
- fè bagay nòmal yon tibebe oswa timoun piti dwa kapab fè tankou bay tèt li manje, ede abiye tèt li epi bo ak anbrase - yo rele sa *devlopman adaptatif*.

> *Evalyasyon* se fason pwofesyonèl yo aprann sou fòs ak bezwen pitit ou ak ki sèvis ki kapab ede li satisfè bezwen sa yo. Ak pèmisyon ou, nan evalyasyon an nou kapab aprann enkyetid, priyorite (sa ki pi enpòtan pou nou), ak resous fanmi w genyen.

> Remak: Chwa fwa nou di *li* se timoun n ap pale. Kèlkeswa jan nou itilize, ni tigason ni tifi gen menm enpòtans la.

Si yo te deja fè yon evalyasyon sou pitit ou a, ou kapab pa bezwen plis evalyasyon. Kowòdonatè sèvis ou a ap asire li nenpòt pwosedi evalyasyon respekte kilti ak bezwen fanmi ou.

Pandan evalyasyon an, y ap bay pitit ou a yon chans pou montre sa li ka fè. Yon gwoup pwofesyonèl ki reprezante omwen de pwofesyon oswa domèn devlopman oswa yon pwofesyonèl ki kalifye nan de pwofesyon oswa domèn devlopman ap evalye pitit ou a. Pwofesyonèl sa yo kapab genyen ladan yo edikatè timoun piti, terapet langaj, terapet fizik, terapet okipasyonèl, travayè sosyal, enfimyè ak/ou lòt pwofesyonèl.

Kòm paran timoun nan, ou se yon pati enpòtan ekip la pandan evalyasyon an.

N ap byen kontan si w patisipe nan evalyasyon an ak nan nenpòt rankont kote yo diskite ak eksplike rezilta evalyasyon an. Ou ka envite yon moun nan evalyasyon an oswa rankont yo ki ka ede w ak diskisyon sou pitit ou a epi ki ka ede w pran desizyon. Pou evalyasyon an, w ap gen yon opòtinite pou:

- bay pèmisyon avan yo fè nenpòt tès;
- bay kowòdonatè sèvis ou a pèmisyon pou sanble enfòmasyon sou pitit ou a nan men lòt pwofesyonèl ki konnen pitit ou a;
- pataje ak ekip la sa ou konnen sou kapasite ak bezwen pitit ou a;
- deside si evalyasyon an ap gen enfòmasyon sou resous, priyorite ak enkyetid sou pitit ou a;
- mete enfòmasyon lòt moun ki te bay pitit ou a tès nan sis mwa ki sot pase yo ladan;
- resevwa kopi ak eksplikasyon sou rezilta tès yo ak lòt rapò; epi
- poze kesyon sou pwosesis evalyasyon an oswa rezilta yo.

Ekip la pral itilize enfòmasyon yo aprann nan evalyasyon pou planifikasyon sèvis la pou pwochen etap la, rankont pou Plan Sèvis Pèsonalize Pou Fanmi a (IFSP).

RANKONT POU PLAN SÈVIS PÈSONALIZE POU FANMI (IFSP)

Plan Sèvis Pèsonalize Pou Fanmi a (IFSP) se yon plan ekri pou bay sèvis entèvansyon bonè. Avan 45 jou apre rekòmandasyon an, ekip ou a ap ekri yon IFSP. Nan rankont ISFP a, manm ekip IFSP a, ki genyen ou menm ladan, ap travay ansanm pou devlope yon plan pou ane k ap vini a.

Ou se yon manm enpòtan ekip la. Ou ka envite lòt fanmi oswa moun ou santi ak pa ede w pran bon desizyon pou pitit ou a. Kowòdonatè sèvis ou ak ajans ki ofri sèvis lokal la ap fè pati ekip la tou. Kowòdonatè sèvis ou a ap pwograme rankont la yon lè ak kote ka p fasil ak konfòtab pou ou. W ap resevwa enfòmasyon sa a alekri.

Nan rankont IFSP a, ou menm ak rès ekip la ap diskite fòs ak bezwen pitit ou a, kisa ou konsidere ki enpòtan pou ou menm ak pitit ou a, ak objektif ak *rezilta* yo. Se a se yon bon moman pou deside ki sèvis ki nesesè pou ede pitit ou a devlope. Tout manm ekip la, ak ou menm ladan, pataje ide sou ki aktivite ak sèvis ki pral ede pitit ou a ak fanmi w. Ansanm n ap deside kisa ki y ap mete nan IFSP a .

Rezilta se deklarasyon sou gwo chanjman ou menm ak rès ekip la ta renmen wè pou ou menm ak fanmi w.

IFSP a gen yon lis kisa ou menm ak ajans ki ofri sèvis bonè a ap travay sou yo epi ap genyen ladan:

- non kowòdonatè sèvis ou a;
- kapasite ak nivo devlopman pitit ou a kounye a;
- si w dakò, yon deklarasyon sou resous (soutyen ou menm ak pitit ou a genyen, tankou moun, aktivite ak pwogram/ajans), priyorite, ak enkyetid nou gen pou devlopman pitit ou a;
- rezilta ekip la ta renmen wè pou pitit ou a ak fanmi w;
- ki sèvis entèvansyon bonè ak sipò y ap ofri;
- ki sèvis y ap ofri;
- anviwònman natirèl, nan mezi li apwopriye, y ap bay sèvis yo, tankou kay ak anviwònman ki natirèl oswa nòmal pou timoun laj pitit ou a;
- konbyen fwa y ap bay sèvis la, kilè la p kòmanse ak konbyen tan l ap dire;
- lòt sèvis fanmi w bezwen men sistèm entèvansyon bonè a pa gen disponib;
- aranjman peman, si genyen;
- yon plan tranzisyon pou lè pitit ou a ap pare pou kite sèvis entèvansyon bonè; ak
- pèmisyon kote ou siyen pou kòmanse sèvis yo.

Y ap mande w pou siyen IFSP a pou montre ou dakò ak plan an epi ou vle pitit ou a resevwa sèvis li dekri yo. Ou ka chwazi pou aksepte tout, kèk, oswa okenn nan sèvis yo. Pa gen anyen nou pral fè san pèmisyon ou. Ou ka mande pou revize IFSP a nenpòt moman. Si a yon sèten moman ou menm ak rès ekip la pa ka antann nou sou ki sèvis ki dwe nan IFSP a, gade paj 17.

SÈVIS ENTÈVANSYON BONÈ KI DISPONIB

Gen plizyè kalite sèvis entèvansyon bonè ki disponib pou satisfè diferan bezwen timoun ak fanmi yo. Sèvis yo kapab gen ladan yo:

- aparèy ak sèvis teknoloji asistif
- odyoloji
- sèvis devlopmantal
- fòmasyon fanmi, konseleng ak vizit lakay ou
- sèvis sante
- sèvis medikal (pou dyagnostik ak evalyasyon sèlman)
- sèvis enfimyè
- sèvis nitrisyon
- terapi okipasyonèl
- terapi fizik
- sèvis sikolojik
- kowòdinasyon sèvis
- sèvis langaj siy
- sèvis travay sosyal
- patoloji langaj
- transpòtasyon ak pri li
- sèvis vizyon

Kèk fanmi resevwa detwa sèvis. Kèk resevwa plis. Li depann sou bezwen

pitit ou ak fanmi w. Kèlkeswa kalite ak kantite sèvis ou resevwa, ajans ki ofri sèvis yo ap antrene ak bay sipò sou jan pou aji ak pitit ou yon fason ki ankouraje devlopman yo pandan aktivite ak woutin yo chak jou.

PEMAN POU SÈVIS ENTÈVANSYON BONÈ

Gen kèk sèvis ki dwe disponib gratis pou paran yo. Sa yo se detèminasyon kalifikasyon, evalyasyon, kowòdinasyon sèvis, devlopman IFSP, ak pwoteksyon yo.

Ou kapab bezwen peye pou lòt sèvis entèvansyon bonè daprè kapasite w pou peye jan li detèmine nan seksyon Enfòmasyon Sou Pri Pou Fanmi An Pataje nan Avi Sou Dwa ak Pwoteksyon Timoun ak Fanmi ansanm ak Enfòmasyon Sou Pri Pou Fanmi An Pataje a. Ou te resevwa yon kopi dokiman sa a epi yo te eksplike w li lè w te resevwa avi davans ekri a avan detèminasyon kalifikasyon an. Y ap ofri w plis kopi epi w ap resevwa yon eksplikasyon dokiman an nan chak revizyon IFSP ak rankont anyèl IFSP.

Kèk nan pri sèvis yo finanse ak lajan federal, eta, ak lokal. Ajans lokal ki ofri sèvis entèvansyon bonè yo depann sou peman asirans sante moun yo tou (ak pèmisyon ou) ak Medicaid, ansanm ak frè ki baze sou revni paran pou finanse sèvis yo. Sepandan, yo p ap refize ba w sèvis paske ou pa ka peye pou yo. Si w gen kèk kesyon sou kijan yo kapab finanse sèvis pou pitit ou a, ou dwe diskite sa ak kowòdonatè sèvis ou a.

REVIZYON IFSP

Ou menm, kowòdonatè sèvis ou a ak ajans ki ofri sèvis yo ap revize IFSP detanzantan pou fè nenpòt chanjman ki nesesè.

Revizyon IFSP Sis Mwa
Genyen evalyasyon sou devlopman pitit ou a ak pwogrè regilyèman nan sèvis entèvansyon bonè yo. Y ap revize IFSP pitit ou a chak sis mwa oswa pi souvan si li nesesè. Ou menm, kowòdonatè sèvis ou epi, si li apwopriye, lòt ajans ki ofri sèvis yo ap revize IFSP a. Nan revizyon IFSP nan, ou menm ak lòt moun yo ki la ap diskite pwogrè pitit ou a.

Ou ka mande pou revize rezilta ak sèvis IFSP a nenpòt ki lè. Si pitit ou a pa fè pwogrè y ap atann yo, oswa si w kwè yo bezwen chanje sèvis yo (ogmante, bese, oswa koupe), ou ka fè yon revizyon IFSP pou diskite enkyetid ou.

Avi ekri davans ap obligatwa avan nou fè chanjman nan sèvis yo: Nenpòt lè ajans ki ofri sèvis entèvansyon bonè yo vle fè chanjman oswa refize fè yon chanjman nan sèvis yo ki nan lis sou IFSP ou a, yo dwe ekri w davans pou avèti w sa. Chanjman yo kapab genyen ajoute yon nouvo sèvis, koupe yon sèvis, oswa chanje kantite fwa pitit la resevwa yon sèvis. Kapab se ou menm oswa ajans ki ofri sèvis la (yo) ki sijere sèvis la. Avi sa a dwe di w kisa ou kapab fè si w pa dakò ak chanjman yo pwopoze a.

Y ap diskite nenpòt chanjman ki posib ak ou nan yon rankont IFSP avan, epi yo dwe ba w avi ekri davans la **avan** yo diskite chanjman an nan rankont IFSP a. Ou ka pran tan pou reflechi sou chanjman an epi deside si w dakò ak li. Epi tou ka montre lòt moun (yon pwofesyonèl oswa zanmi) ki ka ede w deside kisa k ap pi bon pou pitit ou a.

IFSP Anyèl

Omwen yon fwa pa an, ekip ou a ap rankontre pou diskite pwogrè pitit ou a epi mete IFSP a ajou. Kowòdonatè sèvis ou a ap pwograme rankont ekip la yon lè ak kote ka p fasil pou ou. Avan rankont anyèl la, kowòdonatè sèvis ou a ap anonse w rankont la alekri epi ba w yon eksplikasyon pwoteksyon ou yo alekri. Kòm yon pati ekip la, y ap mande w pou patisipe nan diskisyon an epi pran desisyon jan w te fè pou premye IFSP a.

Lè rankont IFSP a, yon ekip plizyè disiplin ap revize enfòmasyon ou menm ak ajans ki ofri pitit ou a sèvis yo pou verifye si pitit ou a toujou kalifye pou resevwa sèvis entèvansyon bonè.

Bagay mwen vle sonje:

TRANZISYON

Avan yo kite sèvis entèvansyon bonè, kèk timoun pa bezwen asistans espesyal ankò. Kèk nan yon bezwen yon ti èd toujou. Yo ka jwenn li nan ajans kominotè, ajans prive ki ofri sèvis oswa sistèm edikasyon espesyal bonè nan lekòl piblik.

Yo dwe enfòme w sou sistèm sèvis pou timoun jiska 5 an nan sistèm Virginia a van premye rankont IFSP a. Sistèm sèvis Virginia a la pou fè tranzisyon pou timoun ki kalifye ale nan sèvis lekòl piblik, si w dakò, depi yo gen dezan (nan kòmansman ane eskolè pitit ou a gen 2 zan avan 30 septanm) ak avan li gen 3 zan.

Sistèm lekòl lokal ou a ofri edikasyon espesyal bonè pou timoun ki gen reta ak andikap sou sa yo rele *Pati B Lwa Sou Edikasyon Moun Andikape a [Individuals with Disabilities Education Act (IDEA)]*. Nan Virginia, timoun kalifye k ap gen dezan avan 30 septanm ka kòmanse edikasyon espesyal bonè kou ane eskolè a kòmanse. Anpil timoun dezan ale nan sèvis nan sistèm lekòl la an septanm ane yo kalifye a. Kapab gen yon reta nan tranzisyon pou kèk timoun dezan jiska pita nan ane eskolè a si sistèm lekòl lokal la pèmèt sa. W ap deside kilè pou pitit ou a fè tranzisyon kòm yon pati nan IFSP a. Sèvis entèvansyon bonè ap kontinye disponib jiskaske tranzisyon an fè oswa jiska twazyèm anivèsè pitit ou a.

Yon plan tranzisyon ede ou menm ak pitit ou fè tranzisyon an pi fasil pou soti nan entèvansyon bonè ou ale nan kèlkeswa sa ki vini apre pou pitit ou a. Plan tranzisyon sa a fè pati IFSP pitit ou a epi li dwe devlope omwen 90 jou oswa jiska nèf mwa (si tout moun dakò) avan twazyèm anivèsè pitit ou a oswa avan yo prevwa pitit ou a ap fè tranzisyon an si l ap fè li pi bonè.

Etap nan tranzisyon pou ale nan edikasyon espesyal la kapab genyen ladan:

- kontakte divizyon lekòl lokal la ak Depatman Edikasyon Virginia pou bay yo non ak dat nesans pitit ou a ak non, adrès ak nimewo telefòn ou lè pitit ou a prèske rive nan laj pou kalifye pou edikasyon espesyal (omwen 90 ou avan dat yo prevwa tranzisyon pitit ou a), amwenske ou endike alekri sou paj tranzisyon IFSP a ou pa vle yo voye enfòmasyon an. Notifikasyon sa a se yon rekòmandasyon pou sèvis edikasyon espesyal;
- transfere enfòmasyon sou pitit ou a (tankou enfòmasyon sou evalyasyon ak IFSP yo) bay sistèm lekòl lokal la, ak pèmisyon ou;

- fè yon konferans ak sistèm lekòl lokal la nan omwen 90 jou oswa jiska nèf mwa (si tout moun dakò) avan dat yo prevwa tranzisyon pitit ou a;
- diskite sèvis ak plasman pi devan; ak
- prepare ou menm ak pitit ou a pou yon chanjman nan sèvis ak ede li adapte nan yon nouvo anviwònman.

Pandan tranzisyon pou kite sèvis entèvansyon bonè a pou ale nan sèvis edikasyon espesyal bonè, kowòdonatè sèvis ou a ka ale nan rankont yo ak ou.

Si pitit ou a pa kalifye pou edikasyon espesyal, men li toujou bezwen sèvis ak sipò, kowòdonatè sèvis ou a, ak pèmisyon ou, ap eseye pwograme yon rankont tranzisyon ak lòt moun nan kominote a pou diskite pwochen etap pou pitit ou ak fanmi w. Kowòdonatè sèvis ou a ka ede w planifye ak jwenn lòt sèvis nan kominote w la, si genyen. Sèvis sa yo kapab genyen ladan yo, Head Start, lekòl matènèl, oswa lòt sipò edikasyon ak fanmi ki ka ede w satisfè bezwen ou y. IFSP ou a ap dokimante efò sa yo.

Pandan pitit ou kite sèvis entèvansyon bonè a, li ap yon bon ide pou asire w ou gen kopi tout dosye pitit ou a. Dosye yo ap ede w dokimante pwogrè pitit ou a te fè epi li kapab itil pandan w ap planifye sèvis ak sipò pi devan. Revize dosye entèvansyon bonè pitit ou a pou deside ki enfòmasyon ou vle yo bay edikasyon espesyal oswa pwochen ajans ki pral ofri w sèvis la. Si w pa dakò ak yon bagay ki nan dosye pitit ou a, ou ka mande yo chanje li. Gade paj 16 pou enfòmasyon sou jan pou fè sa.

KONFIDANSYALITE

Sèvis entèvansyon bonè fanmi ou ak pitit ou resevwa ak rezon ou bezwen sèvis sa yo se bagay ki pèsonèl ak prive. Menm si ou pataje enfòmasyon pèsonèl sou pitit ou ak sitiyasyon fanmi ou an patikilye ak ajans ki ofri sèvis yo, vi prive ou pwoteje ak egzijans ou gen konfidansyalite nan sistèm entèvansyon bonè a.

Konfidansyalite kouvri dosye ki ekri ak konvèsasyon kapab genyen avèk oswa sou pitit ou ak fanmi w.

Ajans ki ofri sèvis entèvansyon bonè yo sanble enfòmasyon pou veye ak anpil atansyon ki sèvis yo bay fanmi ou ak kijan pitit ou a ap pwogrese. Li pa sèlman yon egzijans federal ak eta pou kenbe enfòmasyon ou sekrè, men li yon pati enpòtan pou w fè ka fè nou konfyans.

"Andikap ti gason mwen an se yon bagay anpil moun pa konnen. Mwen te kontan anpil pou gen moun pou ede w chèche konnen kiyès nan zòn nan ki ka ede nou. Men mwen te toujou konnen yo pa t ap pale ak okenn moun sou nou san pèmisyon nou.' —Yon Paran Virginia

Gen anpil egzijans ki di ajans ki ofri sèvis bonè yo jan ou jere dosye konfidansyèl. Yo genyen ladan yo:

- **Jan pou kenbe dosye:** Yo dwe kenbe tout dosye ki gen enfòmasyon pèsonèl ki ka idantifye moun yon kote sèlman sèten moun ka wè yo. Moun ki otorize yo gen nan yo moun ki gen yon rezon lejitim pou gade dosye entèvansyon bonè ou yo. Moun sa yo genyen nan yo kowòdonatè sèvis ou, pwofesyonèl k ap travay ak ou menm ak fanmi w, administratè ajans ki responsab pou ba ou sèvis yo.

- **Otorizasyon pou gade dosye yo:** Pa gen okenn moun ki ka bay enfòmasyon oswa di kisa ki nan dosye pitit ou a san pèmisyon ou sòf pou sikonstans ki vrèman limite lalwa pèmèt.

- **Lis dosye ak moun ki gade dosye w:** Sistèm lokal entèvansyon bonè a gen yon lis tout dosye nou gen pitit ou ak fanmi w. Epi tou gen yon tout moun ki gade nenpòt nan dosye pitit ou a. Ou ka gade *'lis dosye ak moun ki gade dosye"* sa a si w mande.

- **Pèmisyon paran:** Sòf pou sikonstans ki vrèman limite lalwa pèmèt, yo pa ka montre oswa bay okenn muon enfòmasyon konfidansyèl ki nan dosye pitit ou san ou pa bay pèmisyon ekri pou sa. Yon kopi pèmisyon ekri ou ki di ki enfòmasyon nou ka pataje ak kiyès ki ka resevwa li dwe rete nan dosye a.

- **Lè pou elimine dosye yo:** Sistèm entèvansyon bonè a ap kontakte w pou di w lè yo pa bezwen enfòmasyon ki nan dosye pitit ou a ankò. Souvan sistèm entèvansyon bonè a ap detwi dosye a yon sèten moman, epi yo oblije fè sa si w mande yo. Men, ajans la gendwa kenbe dosye pèmanan ak non, dat nesans, enfòmasyon pou kontakte w (adrès, nimewo telefòn), non kowòdonatè sèvis pitit ou a ak lòt ajans ki ofri

sèvis entèvansyon bonè, ak enfòmasyon sou lè pitit ou a ap kite pwogram entèvansyon bonè a ak nenpòt pwogram li ale nan yo lè l kite.

Regilyèman, pandan ou nan sistèm Infant & Toddler Connection of Virginia, w ap resevwa yon kopi ak eksplikasyon Avi Sou Dwa ak Pwoteksyon Timoun ak Fanmi ansanm ak Enfòmasyon Sou Pri Pou Fanmi An Pataje ki eksplike an detay tout pwoteksyon sou Pati C, ansanm ak sa yo ki gen pou wè ak konfidansyalite ladan.

REVIZYON DOSYE PITIT OU

Lè w gade dosye entèvansyon bonè pitit ou a ak fanmi ou sa ede w konnen bagay sou pitit ou a ak sèvis pitit ou a. Plis ou konnen, plis w ap ka jwè yon pi bon wòl kòm yon manm ekip k ap pran desisyon sou pitit ou a. Lè w konnen sa ki nan dosye a sa ede w pran pi bon desizyon pou pitit ou. Li ede pou w verifye si sa ki nan dosye pitit ou a kòrèk.

Ou ka mande kowòdonatè sèvis ou a pou fè aranjman pou ou gade nan dosye a. Ajans ki ofri sèvis entèvansyon bonè yo dwe kite w gade dosye yo nan yon tan ki rezonab (nan pi piti pase 10 jou apre ou fè demann nan) ak avan nenpòt rankont sou pitit ou a. Ou ka mande eksplikasyon sou nenpòt bagay ou wè nan dosye li. Epi tou ou ka fè aranjman pou yon moun ki reprezante w oswa pitit ou a gade dosye yo.

Ou ka mande kopi enfòmasyon ki nan dosye li. Yo dwe ba w yon kopi dosye a gratis. Apre sa, yo kapab mande w pou peye pou lajan li koute pou fè kopi a, men lè sa a l ap pran tan pou jwenn ak kopye yo. Si w pa ka peye pou kopi yo, ou ka resevwa kopi dosye pitit ou a kanmenm.

Si w wè yon bagay nan dosye a ou kwè ki pa kòrèk, ou ka mande pou chanje oswa retire li. Mande kowòdonatè sèvis ou a pou ede w ak sa ak sou pwosedi lokal pou mande chanje sa ki nan dosye yo.

Si ajans k ap bay sèvis la pa fè chanjman ou mande a, ou ka mande yon jijman. Si ofisye jijman an detèmine dosye pa bezwen chaje, ou ka toujou mete pwòp eksplikasyon ou anndan dosye a. Yo dwe mete eksplikasyon ou nan dosye a epi mete li chak fwa yo bay enfòmasyon ou pa dakò ak li a pou moun ki resevwa li kapab okouran.

JAN POU REZOUD DEZAKÒ

Entèvansyon bonè mache pi byen lè fanmi ak pwofesyonèl yo travay ansanm. Sa vle di pataje enfòmasyon, di laverite sou ide ak sa nou santi, tande ak anpil atansyon, poze kesyon, trete tout moun ak koutwazi ak respè.

Menm moun ki pi bon zanmi konn gen dezakò. Se menm bagay la pou fanmi ak ajans ki ofri sèvis yo. Nan pifò ka, fanmi ak pwofesyonèl yo ak diskite dezakò yo genyen epi jwenn yon solisyon tout moun ka aksepte.

Ou menm ak moun yo k ap bay sèvis entèvansyon bonè yo se yon ekip epi yo gen menm objektif la. Nou tout vle pou pitit la kòmanse lavi a nan bon chimen. Ajans ki ofri sèvis yo vle pou w satisfè ak sa ekip la ap fè pou pitit ou ak fanmi w. Tout moun ki nan ekip ou a dwe koute ide ak enkyetid ou, ak reponn kesyon ou yo. L ap pi fasil pou w dakò lè tout moun eseye konprann fason youn ak lòt wè sitiyasyon an.

Si nou gen bagay nou pa dakò, li kapab pi fasil pou jwenn yon solisyon pou diferans yo si nou:

- bay detay sou sa ki deranje nou epi bay egzanp;
- konnen ki konsekans dezakò an kapab genyen sou ou menm ak pitit ou;
- klè sou kijan ou vle sitiyasyon an diferan; epi
- eksplike sa ou vle lòt moun yo fè pou bagay yo vin miyò.

Pafwa, menm lè yon moun gen bon volonte epi li fè anpil efò, li pa ede lè w pale sou sitiyasyon an. Gen twa fason fòmèl pou sistèm entèvansyon bonè a rezoud dezakò. Yo rele sa yo plent, medyasyon ak jijman san patipri. Nou bay yon deskripsyon jeneral twa pwosesis sa yo pi ba a. Gen yon deskripsyon konplè nan <u>Avi Sou Dwa ak Pwoteksyon Timoun ak Fanmi ansanm ak Enfòmasyon Sou Pri Pou Fanmi An Pataje.</u>

<u>Jan Pou Depoze Yon Plent</u>
Nenpòt moun ka depoze yon plent si yo kwè nenpòt ajans oswa moun k ap bay sèvis entèvansyon bonè vyole egzijans pou sèvis entèvansyon bonè yo. Ou dwe fè plent la alekri, siyen, epi li dwe gen enfòmasyon pou kontake w; enfòmasyon espesifik sou sa ou baze plent la, tankou egzijans Pati C w ap

akize yo vyole a; non pitit ou ak ajans k ap ofri li sèvis la; ak pwopozisyon yon solisyon pou pwoblèm nan si w gen yon. Plent yo dwe fèt avan yon ane.

Kòm paran yon timoun k ap resevwa sèvis entèvansyon bonè, ou kapab depoze yon plent ekri tou si w pa dakò ak okenn bagay ki gen pou wè ak sèvis pitit ou ak fanmi w ap resevwa. Pa egzanp, ou kapab depoze yon plent si sistèm entèvansyon bonè w la pa:

- fè yon bagay ekip la te dakò pou fè —tankou fè yon evalyasyon oswa bay yon sèvis;
- reyalize delè enpòtan — tankou detèmine kalifikasyon ak devlope yon IFSP nan 45 jou; oswa
- kite w gade dosye entèvansyon bonè pitit ou an.

Mete nan plent ou a byen klè ki aksyon oswa desizyon ou pa dakò ak li ak poukisa ou pa dakò a. Voye yon kopi plent ou a bay ajans oswa moun k ap bay pitit ou a sèvis la menm lè ou voye plent la bay:

Department of Behavioral Health and Developmental Services
Office of Early Intervention
P.O. 1797
Richmond, VA 23218

Rele depatman an nan (804)786-3710 si w gen kesyon.

Kou yo resevwa plent ou a, ajans eta ki responsab pou sèvis entèvansyon bonè a ap envestige. W ap jwenn yon okazyon pou voye plis enfòmasyon swa pa bouch oswa alekri, sou plent ou a. Y ap kontakte w pou di w rezilta envestigasyon an avan 60 jou. Yo p ap envestige okenn dosye yo ap abòde nan yon jijman san patipri an menm tan kòm yon plent eta.

Jan Pou Itilize Medyasyon

Nou ka rezoud anpil dezakò ant fanmi ak pwofesyonèl ak asistans yon medyatè. *Medyasyon* se yon pwosesis ki rann li posib pou moun ki resevwa fòmasyon espesyal, ki pa gen okenn enterè finansyè oswa lòt enterè nan dosye a, pou ede w ak sistèm entèvansyon bonè a fè yon antant.

Nan yon medyasyon, pa gen okenn moun ki genyen oswa pèdi. Yon bon

medyasyon kanpe sou patenarya ou genyen ak ajans ki ofri sèvis yo epi ede li rete solid. Rezilta medyasyon se ou menm ak ajans ki ofri sèvis la ekri epi siyen sa nou dakò fè pou rezoud pwoblèm nan. Medyasyon an fèt yon lè ak kote ki fasil pou nou ni ou menm ak moun ki reprezante sistèm entèvansyon bonè an.

Ou ka kòmanse medyasyon an epi mande pou fè yon jijman san patipri menm lè a oswa ou ka kòmanse medyasyon an san w pa mande yon jijman san patipri. Se si w vle w ap fè yon medyasyon. Sa vle di si w pa panse l ap mache, ou pa bezwen fè li.

Pwosesis medyasyon an dwe fè avan 15 jou apre biwo eta Infant & Toddler Connection of Virginia resevwa avi ki di nou tou de dakò pou fè yon medyasyon. Medyasyon pa ka pwolonje dat delè pou yon jijman san patipri (30 jou).

Jan Pou Mande Yon Jijman Ofisyèl

Jijman se fason ki pi fòmèl pou rezoud dispit. Ou ka mande yon jijman si w pa dakò ak yon desizyon oswa aksyon ki afekte idantifikasyon pitit ou, detèminasyon kalifikasyon, plasman oswa sèvis ou menm ak pitit ou a resevwa.

Jijman yo fè ak ofisye jijman san patipri konnen lwa, regleman, politik ak pratik entèvansyon bonè. Yon jijman se yon pwosedi fòmèl kote yo ka prezante evidans ak temwen yo ka rele pou temwaye. Ou ka vini ak avoka ou oswa nenpòt moun ou panse ka ede w prezante ka w la ak reprezante enterè pitit ou a pi byen.

Yon jijman swiv plizyè règ, tankou delè ki byen presize. Règ prensipal pou jijman yo se:

- ofisye jijman yo dwe konplètman san patipri — ki vle di yo pa ka gen yon enterè pèsonèl oswa pwofesyonèl ki kapab fè yo pa net sou rezilta jijman an oswa anplwaye okenn ajans oswa enstitisyon ki ofri sèvis entèvansyon bonè oswa swen pitit ou a;

- jijman yo dwe fè yon lè ak yon kote rezonab l ap fasil pou w patisipe;

- yo dwe montre w prèv y ap prezante yo omwen senk jou avan jijman an;

- jijman an dwe anrejistre. Yo ka anrejistre li swa sou kasèt oswa yon transkripsyon kri, epi w ka mande yon kopi gratis;

- ofisye jijman an dwe pran yon desizyon epi voye desizyon an pa lapòs ekri pou chak moun ki konsène pa plis pase 30 jou apre jijman nou te epi a fèt; epi

- pandan jijman an, pitit ou ak fanmi ou dwe kontinye resevwa sèvis entèvansyon bonè ki nan IFSP a amwenske ou menm ak sistèm entèvansyon bonè a dakò pou li sispann resevwa li. Si jijman an gen demann pou sèvis kòmanse epi yo te detèmine pitit ou a kalifye, pitit ou a dwe resevwa sèvis sa yo ou menm ak sistèm entèvansyon bonè a te dakò deja.

Demann ekri w pou yon jijman dwe di egzakteman ki aksyon oswa desizyon ou pa dakò yo ak sa ou vle yo chanje. Voye demann ou pou yon jijman san patipri bay:

Department of Behavioral Health and Developmental Services
Office of Early Intervention
P.O. 1797
Richmond, VA 23218

Rele yo nan (804) 786-3710 si w gen kesyon.

Apre jijman an fini, ofisye jijman an ap pran yon desizyon daprè enfòmasyon ak prèv nou prezante yo. Si w pa satisfè ak desizyon ofisye jijman an, ou ka depoze yon aksyon sivil nan nenpòt tribinal eta oswa federal.

Jan Pou Fè Yon Apèl Medicaid (Pou moun ki gen Medicaid sèlman)
Lè Infant & Toddler Connection of Virginia gen plan pou pran yon aksyon negativ konsènan sèvis pitit ou a, w ap resevwa yon lèt Avi Pou Aksyon ki eksplike jan ou ka depoze yon apèl ak Depatman Sèvis Asistans Medikal, ki se ajans Medicaid nan Virginia a. Ni lèt Avi Pou Aksyon an ak Avi Sou Dwa ak Pwoteksyon Timoun ak Fanmi ansanm ak Enfòmasyon Sou Pri Pou Fanmi An Pataje a eksplike ki aksyon ou ka fè apèl kont yo, jan pou depoze yon apèl ak kote pou w ale pou plis enfòmasyon.

Si ou gen yon dezakò ak ajans ki ofri sèvis entèvansyon bonè ou a, li ka

konplike pou deside ki chwa pou nou pran. Si ou gen kesyon, diskite chwa ou yo ak kowòdonatè sèvis ou a, ki gen responsablite pou asire ou konprann chwa yo. Epi tou ou ka kontakte The Arc of Virginia nan 1-888-604-2677, Virginia Office for Protection and Advocacy [Biwo Virginia Pou Pwoteksyon ak Pledwari] (800) 552-3962 oswa Parent Educational Advocacy Training Center [Sant Fòmasyon Pledwari Edikasyon Paran nan (703) 923-0010 ou diskite (800) 869-6782 pou diskite chwa ou yo.

Bagay mwen vle sonje:

GLOSÈ

Evalyasyon—pwosedi regilye pwofesyonèl kalifye apwopriye itilize pandan tout peryòd yon timoun kalifye sou Pati C pou idantifye: (a) fòs bezwen timoun nan ak sèvis ki apwopriye pou satisfè bezwen sa yo; ak (b) resous, priyorite ak enkyetid fanmi an ak sipò ak sèvis ki nesesè pou amelyore kapasite fanmi a pou amelyore kapasite fanmi a pou satisfè bezwen devlopmantal pitit yo.

Reta devlopmantal—gade nan paj 6 gid sa a

Kalifikasyon—gade nan paj 6 gid sa a

Detèminasyon Kalifikasyon – pwosesis kote yon ekip plizyè disiplin detèmine si yon timoun satisfè kritè kalifikasyon pou sistèm Infant & Toddler Connection of Virginia an

Fanmi - defini daprè fason chak fanmi defini li yo menm

IFSP ou Plan Sèvis Pèsonalize Pou fanmi— yon plan ekri pou bay sèvis entèvansyon bonè bay timoun/fanmi ki kalifye

Medyasyon—yon pwosesis volontè kote paran ak ajans k ap ofri sèvis yo dakò pou rezoud dezakò Pati C.

Plizyè Disiplin— patisipasyon de oswa plis pwofesyonèl ki kalifye nan diferan disiplin oswa pwofesyon (oswa, nan ka detèminasyon oswa evalyasyon pou planifikasyon sèvis, yon moun ki kalifye nan de oswa plis disiplin pwofesyon)

Anviwònman Natirèl—anviwònman ki natirèl oswa nòmal pou timoun laj pitit ou a

Enfòmasyon pèsonèl ki ka idantifye — enfòmasyon ki t ap rann li posib pou idantifye pitit ou a ak sètitid rezonab, tankou non pitit ou a ak lòt manm fanmi an, nimewo sekirite sosyal, adrès, oswa yon lis bagay ki idantifye yo

Ranplasman Paran—yon moun yo nome pou aji pou yon paran lè timoun nan sou titèl eta a oswa yo pa ka idantifye oswa jwenn yon paran

Tranzisyon—lè timoun ak fanmi antre oswa soti nan sèvis entèvansyon bonè. Gade nan paj 13 gid sa a

Sèl Pwen Antre Pou Jwenn Sèvis Entèvansyon bonè

Nan tout Virginia, gen 40 sistèm entèvansyon bonè. Enfòmasyon pou kontakte yo ak zòn yo sèvi pi ba a. Nimewo telefòn yo gendwa chanje. Si w pa ka jwenn sistèm entèvansyon bonè lokal ki nan lis pi ba a, kontakte (804) 786-3710 pou jwenn bon nimewo yo.

Koneksyon Sistèm Timoun Piti Nan:	**Konte/Vil yo sèvi**	**Nimewo Telefòn**
Alexandria	Vil Alexandria	(703) 746-3387
Alleghany Highlands	Konte Alleghany; Vil Clifton Forge ak Covington	(540) 863-1620
Arlington	Konte Arlington	(703) 228-1630
Augusta-Highland	Konte Augusta ak Highland	(540) 245-5133
Blue Ridge	Konte Albemarle, Fluvanna, Greene, Louisa, ak Nelson; Vil Charlottesville	(434) 970-1391
Central Virginia	Konte Amherst, Appomattox, Bedford ak Campbell; Vil Bedford ak Lynchburg	(434) 947-2888
Chesapeake	Vil Chesapeake	(757) 547-8929
Chesterfield	Konte Chesterfield	(804) 768-7205
Distri Crater	Konte Dinwiddie, Greensville, Prince George, Surry, ak Sussex; Vil Colonial Heights, Emporia, Hopewell, ak Peters	(804) 862-8049 pòs 3077
Cumberland Mountain	Konte Buchanan, Russell, ak Tazewell	(276) 964-6702
Danville - Pittsylvania	Konte Pittsylvania; Vil Danville	(434) 799-0456 pòs 3121
DILENOWISCO	Konte Dickenson, Lee, Scott ak Wise; Vil Norton	(276) 431-3521
Eastern Shore	Konte Accomack ak Northampton	(757) 442-7599
Fairfax - Falls Church	Konte Fairfax; Vil Fairfax & Falls Church	(703) 246-7121
Goochland - Powhatan	Konte Goochland ak Powhatan	(804) 657-2010
Hampton - Newport News	Vil Hampton ak Newport News	(757) 726-4012
Hanover	Konte Hanover	(804) 723-2070
Harrisonburg - Rockingham	Konte Rockingham; Vil Harrisonburg	(540) 433-7144 pòs 1
Henrico - Vil Charles - New Kent	Konte Henrico, Vil Charles, ak New Kent	(804) 727-8372
Heartland	Konte Amelia, Buckingham, Charlotte, Cumberland, Lunenburg, Nottoway, ak Prince Edward	(434) 395-2967
Highlands	Konte Washington County; Vil Bristol, Abingdon	(276) 619-2405
Konte Loudoun	Konte Loudoun	(703) 777-0561
Middle Peninsula - Northern Neck	Konte Essex, Gloucester, King & Queen, King William, Lancaster, Mathews, Middlesex, Northumberland, Richmond, ak Westmorland	(804) 758-5250 (800) 305-2229
Mount Rogers	Konte Bland, Carroll, Grayson, Smyth, ak Wythe; Vil Galax ak Marion	(276) 223-3270
New River Valley	Konte Floyd, Giles, Montgomery ak Pulaski; Vil Radford	(540) 831-7529
Norfolk	Vil Norfolk	(757) 441-1186
Piedmont	Konte Henry, Franklin, ak Patrick; Vil Martinsville	(276) 632-7128
Portsmouth	Vil Portsmouth	(757) 393-8321
Prince William	Konte Prince William ; Vil Manassas, Manassas Park ak Quantico	(703) 792-7879
Zòn Rappahannock	Konte Caroline, King George, Spotsylvania, ak Stafford; Vil Fredericksburg	(540) 372-3561
Rappahannock Rapidan	Konte Culpeper, Fauquier, Madison, Orange, ak Rappahannock	(540) 829-7480 pòs 105 ou 101
Richmond	Vil Richmond	(804) 855-2742
Roanoke Valley	Konte Botetourt, Roanoke and Craig; Cities of Roanoke ak Salem	(540) 283-5050
Zòn Rockbridge	Konte Bath ak Rockbridge; vil Buena Vista ak Lexington	(540) 462-6638
Shenandoah Valley	Konte Clark, Frederick, Page, Shenandoah, ak Warren; Vil Winchester	(540) 635-2452 Pòs 17
Southside	Konte Brunswick, Mecklenburg, ak Halifax; Vil South Boston ak South Hill	(434) 738-0406
Staunton-Waynesboro	Vil Staunton ak Waynesboro	(540) 245-5133
Virginia Beach	Vil Virginia Beach	(757) 385-4400
Western Tidewater	Konte Isle of Wight ak Southampton; Vil Franklin ak Suffolk	(757) 562-6806